



## KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU AKOMODASYON POU MANJE ANDEDAN RESTORAN NAN NYC

**Kapil Longani**  
Avoka Majistra a

**Alexis Blane**  
Avoka Prensipal Adjwen

**Bess Chiu**  
Chèf Kabinè

**Katherine Cocklin**  
Avoka Adjwen

### **Ki sèvis manje ak bwason yon etablisman gen dwa ofri?**

Restoran ak lòt etablisman sèvis manje gen dwa louvri espas andedan epi mete chèz pou akomode kliyan yo pou yo ka manje andedan.

### **Nan ki orè yon etablisman gen dwa fonksyone?**

Etablisman yo gen dwa fonksyone pou sèvis manje ak bwason apati **5è nan maten pou rive minwi**. A minwi yo egzije pou tout sèvis manje ak bwason kanpe.

Sepandan, kliyan yo gen dwa rete nan lokal yo (andedan oswa deyò) apre minwi nan sitiwayon annapre yo:

- Etablisman yo gen dwa resevwa evènman k ap fini a 1è di maten oswa anvan depi yo òganize yo nan respè pwotokòl adisyonèl ki nan [NYS DOH Interim Guidance for NYC Indoor Food Services \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York pou Sèvis Manje Andedan nan NYC\)](#).
- Etablisman ki genyen lisans Otorite Eta pou Bwason Alkolize (State Liquor Authority, SLA) gen dwa kontinye ofri aktivite ki otorize selon direktiv aktyèl Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a (tankou boling, espektak andirèk, elatriye) epi ki koresponn avèk lisans yo jiska lè fèmti obligatwa lokal (4è di maten nan Vil New York).

### **Èske genyen limit sou kantite moun ki pou genyen nan espas pou dine ki andedan yo?**

**Wi**, kapasite pou kantite moun ki ka andedan an, san konte anplwaye yo, dwe limite ak **pa plis pase 75% okipasyon maksimòm pou yon espas espesifik** (jan sa fikse nan sètifika okipasyon an). Etablisman ki pa genyen yon sètifika okipasyon dwe refere yo a [Bulletin #2020-017 \(Bilten #2020-017\)](#) Depatman Bilding (Department of Buildings, DOB) nan Vil New York pou detèmine okipasyon maksimòm nan.

Se pou yo afiche limit kapasite sa a nan yon kote byen vizib andedan ak deyò restoran an.

### **Èske yo otorize moun chita bò ba a?**

**Wi**, depi moun yo (sètadi kliyan yo) kenbe yon distans de omwen 2 mètr (6 pye) antre yo. Etablisman yo dwe asire yo tou anplwaye ki travay nan ba a kenbe yon distans de omwen 2 mètr (6 pye) youn ak lòt ak/oswa avèk kliyan yo lè sa posib.

### **Èske yo pèmèt evènman nan etablisman ki genyen espas andedan pou manje yo?**

**Wi**, yo pèmèt evènman nan etablisman ki genyen espas andedan pou manje, tankou gwo espas pou evènman ak sal resepsyon. Sepandan, kapasite pou kantite moun ki ka andedan an, san konte anplwaye yo, dwe limite ak **pa plis pase 75% okipasyon maksimòm pou yon espas espesifik** (jan sa fikse nan sètifika okipasyon an) **oswa 150 kliyan, chif ki pi piti nan 2 a**.

#### **Kilè anplwaye ak kliyan yo dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo?**

- Tout **anplwaye** dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo toutan sòf lè y ap manje oswa bwè (tankou, pandan pòz yo).
- Tout **kliyan** (ki gen plis pase laj 2 lane) dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo toutan (sèl si yo pa kapab tolere li pou rezon medikal) sòf lè yo chita. Depi yo chita, etablisman yo dwe ankouraje, men pa egzije, kliyan yo mete pwoteksyon pou kouvri figi yo lè y ap pale avèk anplwaye oswa lè yo pa p manje/bwè.

#### **Èske yo egzije pou etablisman ki genyen espas andedan yo fè verifikasyon tanperati?**

**Wi**. Yo egzije pou anplwaye ak kliyan yo pase yon verifikasyon tanperati swa anvan, oswa touswit apre yo rive nan etablisman an.

- Nenpòt moun ki genyen yon tanperati ki plis pase 100 degre Fahrenheit pa dwe otorize pou li rantre.

#### **Èske genyen nenpòt enfòmasyon anplis etablisman ki genyen espas andedan yo dwe pran nan men kliyan yo?**

**Wi**. Yon moun nan chak gwoup dwe enskri epi founi non konplè, adrès ak nimewo telefòn li k ap sèvi pou aktivite retrasaj kontak Eta New York la. Detay yo disponib [la a](#).

#### **Ki egzijans sou distans sosyal ki anplas pou kliyan ki kanpe nan liy?**

Tout kliyan dwe kenbe 2 mè (6 pye) distans pandan yo nan liy pou kèlkeswa rezon an **epi** etablisman yo dwe make yon fason ki klè espas 2 mè (6 pye) yo kote liy yo fòme.

#### **Èske yo egzije etablisman ki genyen espas andedan yo fè egzamen depistaj sante COVID-19 pou anplwaye yo?**

**Wi**. Etablisman yo dwe mete anplas yon egzamen depistaj toulèjou pou tout anplwaye yo. Si nenpòt kliyan oswa anplwaye teste pozitif, etablisman yo dwe swiv etap ki ki detaye [la a](#).

### **DIREKTIV POU DINE AK SÈVIS**

#### **Ki egzijans pou distans sosyal ki anplas pou espas pou manje ki andedan restoran yo?**

- Tab andedan yo dwe separe youn ak lòt avèk yon minimòm 2 mè (6 pye) distans nan tout direksyon. Lè distansyasyon an pa posib, yo dwe separe tab yo avèk separètè fizik ki gen omwen 1,5 mè (5 pye) nan wotè epi ki pa dwe bloke sòti sekou ak/oswa sòti pou ka ensandi yo.
- Kliyan ki nan yon menm gwoup gen dwa chita youn sou kote lòt nan tab komin, depi gwoup la genyen 10 oswa mwens moun.
  - Kliyan ki nan yon menm gwoup gen dwa sòti nan diferan kay.
  - Kliyan ki nan yon menm gwoup gen dwa rive, chita oswa ale nan lè diferan, depi entèraksyon ant yo rete limite a manm gwoup la.
- Yo otorize tab komin ki genyen plizyè gwoup si yo ka kenbe distans 2 mè (6 pye) la ant gwoup moun yo.

- Kliyan yo dwe kenbe distans sosyal pandan y ap tann oswa lè yo nan twalèt.

**Èske kliyan yo gen dwa manje ak bwè pandan yo kanpe?**

**Non.** Yo otorize pou yo manje sèlman lè yo chita.

**Èske mwen kapab òganize yon bifè?**

**Wi,** men moun nan bifè a **pa kapab** sèvi tèt yo epi dwe genyen ase anplwaye pou asire kliyan yo pa manyen objè komen yo. Yo dwe kenbe distans sosyal ki apwopriye.

**Èske mwen kapab bay kliyan yo chalimo ak/oswa bwadan?**

Etablisman yo gen dwa bay kliyan yo chalimo oswa bwadan endividyèl, ki deja anbale sèlman.

**Èske anplwaye yo kapab manje andedan etablisman ki genyen espas andedan pou manje yo?**

Anplwaye yo gen dwa retire pwoteksyon ki kouvri figi yo epi manje andedan etablisman an depi yo kenbe distans sosyal epi respekte egzijans Kòd Sante (Health Code) yo. Si anplwaye yo ap manje andedan sou yon tab ki nòmalman sèvi pou kliyan, l ap konte nan restriksyon 75% okipasyon maksimòm lan.

**Èske mwen kapab genyen espektak andirèk oswa yon DJ nan espas andedan restoran an?**

Wi, si lisans SLA etablisman an pèmèt sa. Nenpòt espektak andirèk dwe fèt nan respè [NYS Guidance for Arts and Entertainment \(Direktiv Eta New York pou Atizay ak Lwazi\)](#).

**Lisans mwen an otorize aktivite lwazi. Èske yo otorize yo?**

**Wi.** Jwèt ba (tankou flechèt, biya, jwèt lanse/voye/brase, jwèt avèk rakèt, lanse rach, elatriye) gen dwa fèt nan respè [DOHMH Guidance on Sports and Recreation \(Direktiv Depatman Sante ak Ijyèn Mantal sou Espò ak Lwazi\)](#).

**EGZIJANS POU ESPAS TRAVAY LA**

**Èske mwen oblije afiche panno nan etablisman mwen an?**

**Wi.** Yo egzije etablisman yo afiche panno ki koresponn avèk makè distans sosyal DOH pou COVID-19, ak kantite kliyan ki reprezante kapasite maksimòm moun yo otorize a. Gen plis enfòmasyon ki disponib [la a](#).

**Èske etablisman mwen an dwe respekte kèk egzijans filtraj lè?**

**Wi,** etablisman yo dwe mete anplas pwotokòl vantilasyon ak/oswa filtraj lè. Gen plis enfòmasyon ki disponib [la a](#).

**Kijan etablisman yo ta dwe jere pikòp ak livrezon?**

Etablisman manje yo dwe endike espas espesifik pou pikòp ak livrezon vandè.

**Èske genyen egzijans sou distans sosyal pou kwizin ak espas estokaj?**

**Wi.** Si genyen plis pase yon anplwaye prezan nan yon ti espas, tankou kwizin ak espas estokaj, tout anplwaye yo dwe mete pwoteksyon akseptab pou kouvri figi yo. Anplwaye prezan yo pa dwe plis pase 75% okipasyon maksimòm nan espas sa yo.

**RESOUS ADISYONÈL**

**Ki resous adisyonèl mwen kapab al gade?**

- [NYS DOH Interim Guidance for NYC Indoor Food Services \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York sou Sèvis Manje Andedan nan NYC\)](#)
- [NYS DOH Interim Guidance for Sports and Recreation \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York sou Espò ak Lwazi\)](#)
- [NYS DOH Interim Guidance for Small and Medium Scale Performing Arts & Entertainment \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York sou Atizay ak Lwazi nan Echèl Piti ak Mwayen\)](#)
- [SLA Guidance for Indoor Dining on Licensed On-Premises Establishments \(Direktiv SLA sou Espas Andedan nan Restoran pou Etablisman ki genyen Lisans pou Lokal yo\)](#)
- [SLA Guidance on COVID-Related Closing Times \(Direktiv SLA sou Lè Fèmti Parapò avèk COVID\)](#)
- [NYC Counsel to the Mayor NYC Outdoor Dining FAQ \(Kesyon Moun Poze Souvan Avoka Majistra NYC sou Espas Deyò Restoran nan NYC\)](#)
- [NYC DOH Guidance for Business and Facilities \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York sou Biznis ak Lwazi\)](#)
- [NYC Restaurant Reopening Guide \(Gid sou Reyouvèti Restoran nan NYC\)](#)
- [Governor's Executive Order 202.101 \(Lòd Egzekitif Gouvènè 202.101\)](#)
- [Governor's Executive Order 202.102 \(Lòd Egzekitif Gouvènè 202.102\)](#)
- [Governor's Executive Order 202.106 \(Lòd Egzekitif Gouvènè 202.106\)](#)